www.esamaad.com

जसमाद first epaper in maithili इसमाद

पटना, 18 दिसंबर, 2010 ● अंक-57 ● वर्ष-3

बैंक मे जमा अछि बिहारीक एक लाख करोड़ : मोदी

समदिया

लोक नौकरी क मोह त्याग उद्योग लगेबा लेल सामने आबथि। एक करोड़ टका तक क कर्ज बिना बंधेज क भेटत। कम कर्ज देबा मे कंजूस बैंक मे सरकारी धन नहि रहत। मोदी कहला जे अनेक बैंक कर्ज वितरण मे काफी कोताही बरैत रहल अछि। एहन बैंक क बारे मे जिलाधिकारी स कहल गेल अछि जे ओहि मे सरकारी धन कए जमा नहि कैल जाए।

पटना । बिहारीक एक लाख करोड़ स बेसी टका बैंकक राज्य मे स्थापित विभिन्न शाखा मे जमा अछि। एकर बावजूद बिहारी कए ऋण देबा मे बैंक कोताही करैत अछि। इ खुलासा राज्यस्तरीय बैंकर्स कमेटी क बैठक मे भेल। बैठक क बाद उपमुख्यमंत्री सह वित्तमंत्री सुशील कुमार मोदी कहला जे लघु आ अति लघु औद्योगिक इकाइ मे दिलचस्पी रखनिहार लेल जल्द एकटा सम्मेलन आयोजित भ रहल अछि। लोक नौकरी क मोह त्याग उद्योग लगेबा लेल सामने आबथि। एक करोड़ टका तक क कर्ज बिना बंधेज क भेटत। कम कर्ज देबा मे कंजूस बैंक मे सरकारी धन नहि रहत। मोदी कहला जे अनेक बैंक कर्ज वितरण मे काफी कोताही बरैत रहल अछि। एहन बैंक क बारे मे जिलाधिकारी स कहल गेल अछि जे ओहि मे सरकारी धन कए जमा नहि कैल जाए। प्राइवेट बैंक मे त एकदम नहि। ओ कहला जे सरकार बैंक स डेयरी, मुर्गी पालन, मछली पालन, कृषि संयंत्र आ भू–जल सिंचाई योजना क लेल तत्काल कर्ज मुहैया करेबा लेल कहलक अछि। एकरा लेल जनवरी–फरवरी आ मार्च मे 10 तारीख कए हर प्रखंड मे कृषि मेला लगाउल जाएत। जाहि ठाम कृषि, सहकारिता, लघु सिंचाई, राजस्व आ भूमि सुधार विभाग आओर बैंक क अधिकारी मौजूद रहताह। तत्काल कैंप स्थल पर कर्ज क मंजूरी दैत। कैंप मे किसान क्रेडिट कार्ड (केसीसी) क सेहो वितरण होएत। एहि साल 20 लाख गोटे क बीच केसीसी वितरित कैल जेबाक लक्ष्य अछि। ओ कहला जे विकास आयुक्त क अध्यक्षता मे एकटा कमेटी गठित कैल गेल अछि। कमेटी देखत जे ब्याज क दर कोना कम कैल जा सकैत छै। बैंक मे बढल भ्रष्टाचार पर मोदी कहला जे एहि संबंध मे जल्द कार्रवाई कैल जाएत। बैंक लग अपन निगरानी दस्ता अछि मुदा ओ सक्रिय नहि अछि, राज्य सरकार देख रहल अछि जे कोनो अपन निगरानी विभाग स एहि पर कार्रवाई क सकैत छी। ओना ग्रामीण आ सहकारिता बैंक क अधिकारिक शिकायत राज्य निगरानी स कैल जा सकैत अछि।

बाट लेल हटला भगवान

फुलपरास (मधुबनी)। बिहार मे एक बेर फेर बाट लेल भगवान कए हटाउल गेल। करीब घंटा भरि क मेहनतक बाद बाटक निर्माण मे बाधक बनल मंदिर कए तोडि देल गेल। जाहि देश मे मंदिर आ मस्जिद लेल सरकार बदलि जाइत अछि, न जानि कतेक लोगक खून भ जाइत अछि ओहि देशक एकटा राज्य एहनो अछि जे पिछला आठ साल मे सडक निर्माण मे बाधक बनल करीब 55टा मंदिर आ 19टा मजार कए स्थानांतरित करबाक काज केलक अछि। राष्ट्रीय राजमार्ग 57 क निर्माण क मे गतिरोध बनल हनुमान मंदिर कए तोडबा लेल सेहो कोनो पुलिस या फौज क मौजूदगी नहि छल। विकास क भूखल आम लोक अपन हाथ स सडक क लेल महाबली हनुमान क प्रतिमा के सुरक्षित राखि मंदिर कए तोडबाक शुरूआत केलथि। पुरान मंदिर कए ध्वस्त हेबा स पूर्व ओकर पाछु मे नव मंदिर बनेबाक काज चालू भ चुकल अछि। मंदिर कए ध्वस्त होइत सडक निर्माणक काज सेहो दनादन शुरू भ गेल। इ घटना फुलपरास लोहिया चौक क छी, जे भारतक सबस पिछडल इलाका मे स एकटा अछि। सांझ करीब छह बजे इ पिछडल इलाका देशक विकसित समाज कए एकटा एहन संदेश देबा मे सफल रहल जे देशहित मे आइ सबसे जरूरी अछि। मंदिर स प्रतिमा क स्थानांतरण आ मंदिर कए तोड़बा लेल करीब पांच बजे सड़क निर्माण कंपनी क तमाम अधिकारी, कर्मचारी, एसडीओ, डीएसपी, डीसीएलआर, सीओ, थानाध्यक्ष पंचायत क मुखिया, गणमान्य लोक आबि चुकल छलाह। मुदा एहि काजक शुरूआत स्थानीय लोक स शुरू भेल। मंदिरक पुजारीक कहब अछि जे नव मंदिर मे हनुमान क प्रतिमा क प्राण प्रतिष्ठा 19 जनवरी कए हेबाक अछि। एहि मे अहां सब आबि।

केन्द्र लग लटकल अछि कईटा पनबिजली परियोजना

समदिया

पटना । राज्य मे पनबिजली क पैघ परियोजना मंजूरी क लेल केन्द्र लग फंसल अछि। कैमूर मे 2500 मेगावाट स बेसी क्षमता क पम्प स्टोरेज स्कीम क मामला सुलझि नहि रहल अछि। एकर स्थापना मे जापान पावर रुचि देखेने अछि, मुदा केन्द्र क स्वीकृति क कारण मामला लटकल अछि। एहि मे सिनाफदर स्थित 345 मेगावाट क्षमता क परियोजना प्रयोग क तौर पर ऊर्जा मंत्रालय पूरा करबाक वादा केलक, मुदा एहि मे सेहो केंद्र पाछु सस पेंच फंसा देलक। कोसी नदी पर 225 मेगावाट क्षमता क परियोजना स्थापित हेबाक उम्मीद छल। कैमूर मे जापान पावर क लेल वित्तीय संस्था विशेषज्ञ स स्थल सर्वेक्षण करा चुकल अछि। सर्वेक्षण क दौरान हथियादह–दुर्गावती मे 1600 मेगावाट क्षमता क परियोजना स्थल काफी उपयुक्त मानल गेल। एकरा लेल विदेशी संस्था निवेश लेल तैयार अछि। मुदा केंद्र मामला लटकेने अछि जखकि बिहार राज्य जल विद्युत निगम एनचपीसी क माध्यम स सिनाफदर परियोजना क कार्य नहि करेबाक स्थिति मे विकल्प क तौर पर विदेशी निवेशक कए तैयार रखने अछि। मुदा केन्द्र क रवैया नहि हगब नहि बाट छोडब वाला अछि। एकर अलावा 450 मेगावाट क्षमता क इन्द्रपुरी जलाशय परियोजना सेहो एकटा चुनौती अछि। निगम एकरा लेल निजी निवेशक स सम्पर्क साधने अछि। जल संसाधन विभाग परियोजना पूरा करेबाक दायित्व निगम कए सौंप देने छल। ऊर्जा विभाग क अनुसार निगम क माध्यम स कोसी नदी पर 125 मेगावाट क्षमता क डागमारा परियोजना क लेल विदेशी राशि प्राप्त करबाक स्वीकृति प्रदान करबा क प्रस्ताव केन्द्र लग गरदा फंकी रहल अछि। केन्द्र क आर्थिक मामला क मंत्रालय द्वारा अनुमति प्रदान करबा क बाद कार्य कए गति भेटबाक संभावना अछि। एकर विस्तृत परियोजना प्रतिवेदन केन्द्र क संस्था वापकोस तैयार केने अछि। डीपीआर जांच क लेल केन्द्रीय विद्युत प्राधिकरण कए सौंप देल गेल अछि। डीपीआर क प्रारूप क हाइड्रोलाजी पर केन्द्रीय जल आयोग क मंतव्य प्राप्त भ चुकल अछि। एकर अलावा कोसी नदी पर एकटा अन्य स्थल पर 100 मेगावाट जल विद्युत क संभावना क पता लगाउल गेल अछि।

टका लेल नहि रूकत सड़क निर्माण

समदिया

पटना । मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहला अछि जे केंद्र टका दैत या नहि दैत सडकक निर्माण होइत रहत। ओ ग्रामीण कार्य आ पथ निर्माण विभाग क योजना क प्रगति क समीक्षा करि रहल छलाह। मुख्यमंत्री कहला जे केंद्र ग्रामीण इलाका मे बनल सड़क क राशि अटका रखने अछि। प्रधानमंत्री ग्राम सड़क योजना क अंतर्गत बिहार मे 8600 करोड़ टकाक लागत स 19 हजार किलोमीटर सड़क क निर्माण हेबाक अछि। एहि स्वीकृत योजना क लेल केंद्र एखनधरि मात्र 23 प्रतिशत राशि राज्य सरकार कए देलक अछि, जखनकि एहि संबंध मे बेर–बेर रिमाइंडर पठाउल जा चुकल अछि। बैठक मे कहल गेल जे 2500 किलोमीटर ग्रामीण सड़क क निर्माण पूरा भ चुकल अछि, जखकि 15000 किलोमीटर सड़क क निर्माण कार्य शुरू भ चुकल अछि। एहि मद मे केंद्र लग एक हजार करोड़ क भुगतान लंबित भ गेल अछि। मुख्यमंत्री कहा जे केंद्र क असहयोग आ राशि भुगतान नहि करबा स ग्रामीण क्षेत्र मे सड़क क निर्माण गति प्रभावित नहि हेबाक चाही। ग्रामीण कार्य विभाग क अधिकारी कहला जे मुख्यमंत्री ग्राम सड़क योजना क अंतर्गत 1403 करोड़ टकाक लागत पर 3205 किमी सड़क बनाउल जा चुकल अछि। मुख्यमंत्री अधिकारी स कहला जे चाहे जे हुए जेतबा किलोमीटर सड़क क लक्ष्य अछि ओकरा बनेबाक अछि। हमर योजना प्रदेश क सबस दूरस्थ स्थान स छह घंटा मे राजधानी पटना पहुंचबाक अछि। पथ निर्माण विभाग क सचिव प्रत्यय अमृत कहला जे 2015 तक एहि लक्ष्य कए पूरा करि लेल जाएत। समीक्षा बैठक मे नव सड़क क रखरखाव लेल मेंटेनेंस पालिसी लागू करबाक निर्देश देल गेल। ज्ञात हुए जे बिहार सरकारक एहि पालिसी कए केंद्र सरकार सेहो अपनेलक अछि।

पहिला दूसराक बच्चा कए सेहो यूनीफारम

पटना । बच्चा कए स्कूली शिक्षा क लेल प्रेरित करबाक दिशा मे आओर एक डेग बढ़बैत सरकार इ घोषणा केलक अछि जे आब कक्षा एक आ दू क छात्र–छात्रा कए सेहो ड्रेस क लेल 400टका क राशि देत। सरकार क इ फैसला आगामी सत्र स लागू भ जाएत। उपमुख्यमंत्री सह वित्तमंत्री सुशील कुमार मोदी क अध्यक्षता मे योजना व्यय क प्रगति क समीक्षा क दौरान शिक्षा विभाग क दिस स इ जानकारी देल गेल। एखन कक्षा 3 स 5 क छात्र–छात्रा कए पोशाक क लेल 500 आ कक्षा 6 स 8 तक क छात्र–छात्रा क लेल सरकार 700 टका दैत अछि। ओतहि आंगनबाड़ी केन्द्र मे नामांकित तीन स छह वर्ष तक बैस क बच्चा कए ढाई सौ टका देल जाइत अछि।

20 स लागत जनता क दरबार मे मुख्यमंत्री

पटना । जनता क दरबार मे मुख्यमंत्री कार्यक्रम 20 दिसंबर स शुरू भ रहल अछि। मुख्यमंत्री क एक अणे मार्ग स्थित आवासीय परिसर क दरबार हाल मे हर मास क प्रथम, द्वितीय आ तृतीय सप्ताह मे भोर 10 बजे स शिकायत क सुनवाई शुरू होएत आ अंतिम शिकायतकर्ता क सुनवाई तक जारी रहत। एकरा लेल आवास क बाहर शेड मे 8 स 12 बजे तक निबंधन होएत। निबंधन क बाद शिकायत पत्र पर निबंधन संख्या अंकित करि निबंधन कार्ड देल जाएत। एकर बाद भेटल प्रवेश पत्र क आधार पर शिकायतकर्ता दरबार हाल मे प्रवेश करि सकताह। बीस दिसंबर कए मासक तेसर सोम छी, लिहाजा ओहि दिन ग्रामीण विकास, ग्रामीण कार्य, पंचायती राज, ऊर्जा, पथ निर्माण, लोक स्वास्थ्य अभियंत्रण, कृषि, सहकारिता, पशु आ मत्स्य संसाधन, जल संसाधन, लघु जल संसाधन, नगर विकास आ आवास विभाग आओर खाद्य आ उपभोक्ता संरक्षण विभाग स संबंधित शिकायत क सुनवाई कैल जाएत।

हमर आदेश पर की भेल एक्शन चाही टेकेन रिपोर्ट : नीतीश

पटना। भ्रष्टाचार क खिलाफ तेज भेल शासन क जंग क दायरा विस्तारित भ रहल अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कए विकास यात्रा क दौरान पैध संख्या मे भ्रष्टाचार क शिकायत स जुड़ल आवेदन भेटल छल। मुख्यमंत्री पुलिस मुख्यालय स इ रिपोर्ट मंगलथि अछि जे विकास यात्रा क दौरान भ्रष्टाचार स जुड़ल आवेदन कए ओ कार्रवाई क लेल पठेने छलाह, आखिर ओहि पर की कार्रवाई भेल? नीतीश कुमार जल्द स जल्द एकर टेकेन रिपोर्ट सौंपबा लेल कहलथि अछि। एहि तरह क मामला क जिलावार मानीटरिंग करि रिपोर्ट बनेबाक अछि। एहन बहुत रास आवेदन सरकारी योजना मे हेराफेरी क शिकायत स संबंधित छल। सर्वाधिक शिकायत इंदिरा आवास भेटबा मे भ रहल गड़बड़ी स संबंधित छल। नीतीशक एहि फरमान स पदाधिकारी कए एहि ठंड मे पसीना आबि गेल, ओना एडीजी (पुलिस मुख्यालय) पीके ठाकुर कहला जे सरकारी योजना मे भ्रष्टाचार क शिकायत पर तत्काल कार्रवाई कैल जाइत अछि। मुख्यमंत्री क निर्देश पर ओकर तफ्तीश होइत अछि आ बहुत मामला मे एक्शन टेकेन रिपोर्ट तक देल गेल अछि। बाकी बचल रिपोर्ट पुलिस मुख्यालय सब जिला स मंगा रहल अछि

सब मंत्री 31 दिसंबर तक संपत्ति बता देताह

पटना। बिहार क मुख्यमंत्री नीतीश कुमार प्रदेश क 29टा मंत्री कए आगामी 31 दिसंबर तक अपन आ अपन कनिया–बच्चाक संपत्ति क ब्योरा देबा लेल कहला अछि।

प्रदेश क उपमुख्यमंत्री सुशील कुमार मोदी कहला जे एहि संबंध मे मुख्यमंत्री क एकटा पत्र हुनका भेटल अछि, जाहि मे सब मंत्री स 31 दिसंबर तक अपन संपत्ति क ब्योरा मुहैया करेबाक लेल निर्देश देल गेल अछि। मोदी कहला जे मुख्यमंत्री क निर्देश पर मंत्री द्वारा एकरा लेल पहल शुरू करि देल गेल अछि। ओ कहला जे मंत्री द्वारा अपन संपत्ति क ब्योरा देलाक संगहि ओकरा सार्वजनिक करबा लेल सरकारी वेबसाइट पर जारी करि देल लाएत। दोसर दिस विपक्ष सरकारक एहि फैसला स स्तब्ध अछि, विपक्षक कहब अछि जे नीतीश जनता स मजाक करि रहल छथि। विपक्षक तर्क अछि जे नीतीशक पहिल कार्यकाल मे बनल मंत्री जे एहि बेर कैबिनेट मे नहि छथि हुनकर संपत्तिक ब्योरा किया नहि सार्वजनिक कैल जा रहल अछि। ओना विपक्ष अपन विधायक क संपत्तिक ब्योरा सार्वजनिक करबा स कतरा रहल अछि आ एकटा नेताक कहब अछि जे इ नीक परंपरा नहि अछि, एहि स काला धन आओर बढत।

इसमाद

मैथिली मे पहिल इ-पेपर

अविश्वसनीय मुदा सच विधायक कोटा खत्म

बिहार प्रति पूर्वाग्रह रखनिहार लेल इ समाद अविश्वसनीय मुदा सच अछि। बिहार राज्य कैबिनेट मंगलदिन आखिरकार विधायक आ विधान पार्षद स्थानीय क्षेत्र विकास कोष कए वित्तीय वर्ष 2011–12 स समाप्त करबाक मंजूरी द देलक। कैबिनेट क बैठक मे एकर स्थान पर कोनो विकल्प पेश नहि कैल गेल। ओना मुख्यमंत्री योजना आ विकास विभाग कए विधायक निधि क स्थान पर स्थानीय विकास क लेल वैकल्पिक योजना पेश करबाक निर्देश देलथि अछि। एकर संगहि आब बिहार मे स्थानीय क्षेत्र क विकास योजना क नोडल एजेंसी योजना आओर विकास विभाग भ गेल।

निश्चित रूप स बिहार क राजनीति मे इ एकटा नव भोरक लालिमा सन अछि। नव संभावना क सूर्य देखा रहल अछि। भारत क दुर्गंध दैत राजनीति क समानांतर, बिहार मे उगल एहि सूर्य कए पूरा देश क लेल एकटा उम्मीद भरल भोर क शुरुआत क संकेत कहि सकैत छी। बिहार, जे पूरा देश मे व्यंग्य, हास्य आओर कटु गप क पर्याय छल, ओ आइ देश क राजनीति मे एकबेर फेर 'मानक' बनबाक उम्मीद जगा देलक अछि।

एमपी या एमएलए फ़ंड, भारतीय राजनीति क एकटा गंभीर बीमारी (भ्रष्टाचार क कैंसर) क सबस दागदार प्रतीक भ गेल छल। पूरा देश मे जनता क लोक मान्यता भ गेल अछि जे खांटी ईमानदार नेता सेहो घर बैसल 20 फ़ीसदी, एहि कोष स पाबि लैत छथि। ओना एखनो कईटा नेता एहन छथि आ हेताह जे एहि फ़ंड स एक आना नहि लैत हेताह,मुदा निश्चित रूप स हुनकर संख्या बहुत कम अछि।

देखल जाए त एहि कोषक शुरूआत जाहि परिस्थिति मे भेल, ओतहि एकर भविष्य तय भ गेल छल। 1991–1996 क दौर । नरसिंह राव क सरकार कए लोकसभा मे बहुमत सिद्ध करबाक छल। पहिल बेर तखन सांसद घूस कांड भेल। ओहि सरकार क मौलिक चिंतन या सांसद कए खुश रखबाक योजना स एकर शुरूआत भेल छल।

पिछला दू दशक मे इ कोष राजनीति क सतीत्व (ईमानदारी) पर सवाल उठा देलक। पवित्र आओर धवल राजनीति क चादर पर सबस कसगर दाग लगा देलक। समय समय पर एकरा खत्म करबाक मांग बिहार मे उठैत रहल। किछु दिन पहिने लालू जी सेहो कहने छलाह जे एमएलए फ़ंड स आब कार्यकर्ता नहि, ठेकेदार जन्म लैत अछि। पिछला 15 साल मे ईमानदार राजनेता एकरा कोसैत रहलाह अछि। मुदा कियो एकरा हटेबाक हिम्मत नहि जुटा सकल। बिहार सरकार एकरा खत्म करि देश कए बाट देखेबाक काज केलक अछि। जे राजनीति व्यवसाय–धंधा क प्रतीक बनि गेल छल, ओकर साख लौटेबाक इ प्रस्थान (मानक) बिंदु भ गेल अछि।

अंततः राजनीति छोडि आर कोनो आओर विधा देश या समाज कए शिखर पर नहि पहुंचा सकैत अछि। ओहि राजनीति क चीरहरण करबा मे इ 'फ़ंड योजना' क कारगर भूमिका रहल अछि। इ योजना लांछन क प्रतीक बनि गेल छल।

आइ लांछन स मुक्ति क पहल, बिहार स भ गेल, उम्मीद कैल जा सकैत अछि जे देश क मौजूदा राजनीति पर एकर दबाव पडत। कारण जनता मे भ्रष्टाचार क खिलाफ़ आक्रोश अछि।

एहन मे नीतीश कुमार अपन दोसर पारी मे प्रो–पीपुल कदम उठा कए, देश क सब दल कए, पूरा राजनीति क मौजूदा व्याकरण कए बदलबाक पृष्ठभूमि तैयार करि देलाह अछि। ओना एहि लेल असगर नीतीश कए धन्यवाद नहि देबाक चाही, एहि मे बिहार क सबटा विधायक, विपक्षी दलक नेता आ सबस उपर बिहारक जनता जे अपना लेल यश आओर कीर्ति क नव अध्याय लिख रहल अछि। राजनीति क इतिहास मे बिहार आजुक तारीखक स्मरण कैल जाएत।

घरेलू हिंसा या नारीवादक उदयक विरोध

अपन पतिक हाथ स पिटाई क बाद घायल अवस्था मे ईलाजक लेल सदर अस्पताल मे भर्ती रूपौलीक विधायक बीमा भारती;

बिहार मे इंडस्ट्रियल प्रमोशन बोर्ड क गठन शीघ्र

पटना। उपमुख्यमंत्री सह वित्तमंत्री सुशील कुमार मोदी मोदी कहला अछि जे सरकार क प्रयास 'सिंगल विंडो सिस्टम' कए प्रभावी बनेबाक अछि। मोदी कहला जे सरकार शीघ्र इंडस्ट्रियल प्रमोशन बोर्ड क गठन करै जा रहल अछि। प्रदेश मे औद्योगिकरण कए आओर गति देबा लेल पुरनका औद्योगिक नीति 2006 क जगह पर एकटा नव औद्योगिक नीति आनल जा रहल अछि। गौरतलब अछि जे 31 मार्च कए वर्तमान औद्योगिक नीति 2006 क समय सीमा समाप्त भ रहल अछि। ओ कहला जे नव औद्योगिक नीति क बनबा धरि पुरनका औद्योगिक नीति क समय सीमा कए तीन मास क लेल बढा देल गेल अछि।

बेउर जेल मे लागल बेकरी कारखाना

पटना। बेउर आदर्श कारा मे बेकरी कारखाना तैयार भ गेल अछि। बेउर जेल देश मे एहन तेसर जेल भ गेल जाहि ठाम ब्रेड तैयार कैल जाएत। सब किछु ठीक–ठाक रहल त 26 जनवरी एक एहि कारखाना स उत्पादन शुरू भ जाएत। बिहार आ झारखंड मे पहिल बेर कोनो जेल मे एहन कारखाना खोलल जा रहल अछि। एहि ठाम आधुनिकतम मशीन लगाउल गेल अछि। आशा कैल जा रहल अछि जे जनवरीक अंतिम सप्ताह स पीएमसीएच क मरीज कए आदर्श कारागार क कैदीक हाथ स तैयार ब्रेड जलखई मे देल जाएत। एहि बेकरी मे बेउर जेल क 25टा स बेसी कैदी काज करताह। जिनका प्रशिक्षित कैल जा रहल अछि। काराधीक्षक ओमप्रकाश क कहब अछि जे इ एक प्रकार स कैदी क पुनर्वास छी। एहि कारखाना स प्रतिदिन चार सौ ग्राम क 15 हजार पैकेट ब्रेड क उत्पादन होएत।

अगिला साल लेल सरकारी छुट्टी क सूची जारी

पटना। राज्य सरकार नव साल, यानी वर्ष 2011 क लेल सरकारी छुट्टी क सूची जारी करि देलक अछि। खास गप इ अछि जे सचिवालय आ निदेशालय मे पूर्व क भांति पांच दिनी सप्ताह रहत, जखनकि क्षेत्रीय कार्यालय मे छह दिवसीय कार्य सप्ताह वाला पूर्व क प्रणाली लागू रहत। नव कैलेंडर मे पर्व–त्योहार आदि क वजह स नौ दिन क बंदी एहन अछि, जे शनिदिन या रविदिन पड़ैत अछि। यानी नौ दिन क नुकसान। होली मे दू दिन क बंदी त शनिदिन आ रविवार पडैत अछि। एहि प्रकार स कुंवर सिंह जयंती शनि, मई दिवस रवि, शब–ए–बारात शनि, स्वतंत्रता दिवस आ कृष्ण जन्माष्टमी रवि, गांधी जयंती रवि, ईद–उल–जोहा रवि आ क्रिसमस सेहो रविदिन पडैत अछि। दुर्गा पूजा मे चारि दिन सोम स गुरु अवकाश रहत आ शुक्रवार कए प्रतिबंधित अवकाश क लाभ ल लेल जाए त शनिवार स रविवार यानी 9 दिन तक लगातार छुट्टी क मजा अछि। राहत छठ मे सेहो अछि। मंगल आ बुध कए बंदी अछि। सोम कए प्रतिबंधित अवकाश (आरएच) अछि। प्रतिबंधित अवकाश क फायदा लेला पर शनि स बुधवार यानी पांच दिन तक लगातार राहत आ पूजा क आनंद।

बिहार माडल कए अन्य प्रदेश मे सेहो लागू करए राजग : सिद्दीकी

समदिया

दरभंगा। नेता विपक्ष आ अलीनगर क विधायक अब्दुल बारी सिद्दीकी राजग सरकार क विधायक फंड कए खत्म करबाक स्वागत केलथि अछि। संगहि ओ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार स उम्मीद जतेलाह अछि जे ओ राजग शासित अन्य प्रदेश झारखंड, गुजरात, मध्यप्रदेश, छत्तीसगढ़, उत्तराखंड आ हिमाचल प्रदेश मे सेहो एहि कए व्यवस्था लागू करेबाक पहल करताह। दरभंगा प्रवास क दौरान सिद्दीकी स्पष्ट रूप स कहला जे राजग सरकार रट लगा रहल अछि जे एहि कोष कए खत्म कैला स भ्रष्टाचार खत्म नहि भ रहल अछि। ओ कहला जे राजग कए एहि बेर अपार बहुमत भेटल अछि आ एनडीए सरकार क कोष निरस्त संबंधी फैसला पुरान अछि। एहि लेल ओ उम्मीद करैत छथि जे जतए–जतए एनडीए क हुकूमत अछि ओतए सेहो बिहार माडल कए लागू कैल जाए। ओ कहला जे विपक्ष सरकारक विकासमुखी काज मे सहयोग देबा लेल हरदम तैयार अछि। मुदा सरकार क मंशा काज स बेची घोषणा पर आधारित लागि रहल अछि।

आंगनबाड़ी केंद्र कए नहि भेटत नकदी

समदिया

पटना। भ्रष्टाचार क खिलाफ जारी जंग क दायरा मे आंगनबाड़ी केंद्र सेहो आबि गेल। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार क अध्यक्षता मे भेल समाज कल्याण विभाग क समीक्षा बैठक मे तय भेल जे एहि केंद्र सब कए आब नकद क बजाय तैयार आहार देल जाएत। सरकार एहि लाईन पर तैयारी शुरू करि देलक अछि। बैठक मे एहि मुद्दा पर विशेष रूप स चर्चा भेल। बैठक मे समाज कल्याण मंत्री परवीन अमानुल्ला, विभाग क प्रधान सचिव बीके वर्मा आ महिला विकास निगम क प्रबंध निदेशक एन विजयलक्ष्मी कए मुख्यमंत्री कईटा टास्क सौंपलथि। एखनधरि आंगनबाड़ी केंद्र कए बच्चा क पौष्टिक भोजन क लेल प्रति माह नगद राशि देल जाइत अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आंगनबाड़ी केंद्र मे काज केनिहार बच्चा क लेल ड्रेस देबाक प्रक्रिया आओर तेज करबा लेल कहलथि। ज्ञात हुए जे हुनका लेल आसमानी रंग क कमीज आ ब्लू रंग क हाफ पैंट या फेर स्कर्ट देल जा रहल अछि। एहि योजना क क्रियान्वयन लेल 91 करोड़ टका तय अछि मुदा एखन धरि महज आठ करोड़ टका निर्गत भेल अछि। तीन घंटा तक चलल एहि बैठक मे सामाजिक सुरक्षा पेंशन योजना, अनुग्रह अनुदान योजना, निरूशक्तता कल्याण योजना, निराश्रित पुनर्वास योजना, नशा विमुक्ति आ पुनर्वास योजना आओर महिला विकास निगम द्वारा संचालित मुख्यमंत्री नारी शक्ति योजना आ मुख्यमंत्री कन्या सुरक्षा योजना आदि क सेहो समीक्षा कैल गेल।

आब लेक्चरर बनबा लेल होएत परीक्षा

पटना । विश्वविद्यालय मे शिक्षक क बहाली क लेल नव प्रक्रिया लागू कैल जाएत। नियुक्ति क लेल आब लिखित परीक्षा आयोजित होएत। इ परीक्षा 30 अंक क होएत। 20 अंक क मौखिक परीक्षा सेहो दिए पडत। राज्यपाल सह कुलाधिपति देबानंद कुंवर क संग कुलपति सबहक भेल बैठक मे इ निर्णय लेल गेल। दोसर पैघ फैसला इ रहल जे आब विश्वविद्यालय मे कार्यरत शिक्षक कए रोजाना हाजिरी नहि बनेबाक अछि। कुलाधिपति शिक्षक क स्तर पर चिंता व्यक्त करैत कहला हिनकर स्टैंडर्ड अपेक्षा क अनुरूप नहि अछि। राजभवन मे आयोजित बैठक मे कुलाधिपति सबटा कुलपति कए शैक्षणिक आ प्रशासनिक अनुशासन बना कए रखबा लेल निर्देश देलथि। शिक्षक आ शिक्षकेत्तर कर्मचारी क रिक्त पद कए भरबाक निर्देश दैत कुंवर कहला जे शिक्षक क बहाली क लेल 30 अंक क लिखित आ 20 नंबर क मौखिक परीक्षा लेल जाए। शेष 30 नंबर क मूल्यांकन शैक्षणिक करियर आ 20 नंबर क मूल्यांकन पढेबाक क्षमता क आधार पर हुए। नव प्रक्रिया क मकसद सुयोग्य शिक्षक क बहाली अछि। बैठक मे निर्णय लेल गेल जे एहि बेर तरंग क आयोजन तिलकामांझी भागलपुर विश्वविद्यालय आ एकलव्य क आयोजन बिहार विर्श्वविद्यालय करत।

अंक- 57, साल-3, इसमाद प्रकाशन क लेल esamaad.com स इंटरनेट संस्करण प्रकाशित। प्रबंधक : छवि झा, संपादक : कुमुद सिंह*, समाचार संपादक : पुतुल सिंह। (*खबरक चयन लेल जिम्मेदार)। फोन : 011-22484593, 09250281098, ई-मेल : esamaad@gmail.com